

PROBLEM PSIKOLOGIS PARAGA UTAMA ING NOVEL ASMARANI ANGGITANE SUPARTO BRATA

Arfa Dhani Nugraha

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
bansampo@gmail.com

Dr. Darni, M.Hum

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Manungsa mokal nduweni kapribadhen kang padha antarane siji lan sijine. Kanthi kapribadhen kang beda kasebut ana saperangan wong kang nggawe karya sastra ngenani psikologise manungsa. Salah sawijine karya sastra kasebut yaiku Novel *Asmarani*. Karya sastra iki ditliti nganggo tintingan psikologi sastra kanthi teori kapribadhen Sigmund Freud.

Ing panliten iki nggunakake novel *Asmarani* kang ngandharake kajiwane paraga Asmarani. Andharan ngenani bab struktur kapribadhen, problem, lan mekanisme pertahanan ego. Panliten iki nggunakake tintingan psikologi sastra mliline nggunakake teori struktur kapribadhene Sigmund Freud.

Prekara kang dadi undhering panliten, yaiku (1) kepriye struktur kapribadhen paraga Asmarani ing novel *Asmarani*?; (2) Kepriye *problem* kang dialami dening paraga Asmarani ing novel *Asmarani*?; lan (3) Kepriye *mekanisme pertahanan ego* paraga Asmarani ing novel *Asmarani*?

Ahdhedhasar undering panliten ing ndhuwur, panliten iki nduweni ancas kanggo: (1) Ngertenin struktur kapribadhen paraga Asmarani ing novel *Asmarani*; (2) Ngertenin problem kang dialami dening paraga Asmarani ing novel *Asmarani*; lan (3) Ngertenin *mekanisme pertahanan ego* paraga Asmarani ing novel *Asmarani*.

Panliten kang nggunakake tintingan psikologi kapribadhen iki mujudake panliten kualitatif deskriptif. Dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung lan ukara-ukara kang ngandharake problem kajiwane kang dijupuk saka sumber dhata, yaiku novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata. Dhata-dhata kasebut dilumpukake kanthi teknik studi kapustakan, pilih, lan cathet. Dhata-dhata kasebut kajupuk saka pethikan-pethikan ing novel *Asmarani*, banjur dianalitik. Analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku deskriptif analitis. Teori kang digunakake kanggo nganalisis dhata yaiku teori psikologi sastra, mliline nggunakake teori Sigmund Freud.

Asil saka panliten iki yaiku nuduhake struktur kapribadhene paraga Asmarani, problem kang dialami dening paraga Asmarani, lan mekanisme pertahanan ego dening paraga Asmarani. Ing bab struktur kapribadhen, paraga Asmarani akeh nengenake sipat ego. Prekara iki disebabake awit dheweke durung ngerti bot-repoete wong urip. Ing perangan pungkasan novel, Asmarani bisa malih awit ngerti tata-sosial ing omahe mbakyune Surabaya. Asil panliten bab sabanjure yaiku paraga Asmarani ora tau ngalami problem neurosis, yaiku problem kang wedi nerak ukum. Sipate paraga Asmarani kang kaya mangkono bisa diarani teges lan mantep marang apa kang dadi kekarepane. Asil panliten kang pungkasan yaiku paraga Asmarani ora nduweni prinsip fanatic lan manja. Dheweke nengenake struktur kapribadhen *ego*. Dheweke sering kaincim kang nuduhake lagi ngalami *problem realistik* lan nduweni prinsip mekanisme pertahanan ego *proyeksi*. Prekara iki disebabake awit ora didudohi apa lupute, lan kepriye benere dening Emake.

PURWAKA

Lelandhesane Panliten

Karya sastra mujudake pangejawentahan saka kasunyatan panguripane manungsa. Karya sastra mijil saka pengalaman lan kawruhane panulis. Panguripan sajrone karya sastra akeh daya pangaribawane marang sawijining kahanan masyarakat kang mijilake karya sastra kasebut. Karya sastra uga mujudake *refleksi* lan kahanan sakiwa tengene pengarang. Sastra bisa diwawas dadi sawijining gejala sosial. Aristoteles ing Ratna S (2012:1) ngandharake yen pengarang ora mung njiplak kasunyatan, nanging minangka proses kreatif pangarang karo gegondhelan marang kanyatan, ngripta samubarang kang anyar.

Prastawa-prastawa kang dumadi ing masyarakat uga bisa diudhal sajrone karya sastra.

Wellek lan Warren (1990:119) sing ngandharake yen sastra kuwi kacabenggala lan wujud *ekspresi* panguripan senadyan ora kabeh. Saka kutipan kasebut bisa dingertenin yen karya sastra ora mung dipangaribawani dening panguripan, nanging malah kacabenggala. Bisa disebut padha karo panguripan sabentina, amarga *inspirasi* pengarang nulis karya sastra uga kajupuk saka prastawa kang dumadi ing masyarakat.

Ing kene panulis ngangkat sawijining novel anggotane Suparta Brata kang irah-irahane Asmarani. Novel iki mujudake novel remaja kang lagi ngalami proses kadiwasan. Novel iki nyritakake paraga kang jejuluk Asmarani kang sakarepe dhewe, kendel marang sapa wae, tegas, nanging isih nduweni rasa welas marang sapadha lan gelem

ngakoni kaluputan yen ta dheweke pance nduwe lupiter. Saliyane kuwi novel Asmarani uga ngandhut pesen moral yen ndeleng wong liya ora mung saka bleger lan bandhane, nanging saka ati kang paling jero.

Panulis ing kene katarik minate ngrembug psikologise paraga Asmarani kang lagi klebu ing masa remaja awal, kang sipate canthas lan malah kepara judhes. Panulis kepenging ngerteni apa kang dirasakake dening paraga Asmarani, kepriye problem kang dialami, lan apa kang dikarepake sawalike sipate kang canthas kasebut.

Ing panliten iki panulis nggunakake tintingan psikologi sastra. Tintingan psikologi sastra kang nganut teori psikoanalisis Sigmund Freud iki diajab bisoa mudharake wewadi psikologis paraga Asmarani. Saliyane kuwi kanthi tintingan psikologi sastra bisa ngerteni ngelmu psikologise manungsa padatane, kang nilai-nilai becike kena ditrapake ing urip bebrayan sabardinane.

Anane panulis nliti novel Asmarani nganggo teori psikologi sastra awit novel iki akeh ngrembug bab sipate paraga utama kang egois. Dene bab sosial, bab katresnan, budaya, lsp mung sethithik kang dirembug. Kang onjo ing novel iki mung kepriye sipat nakal lan canthase paraga Asmarani. Sipat iki ana gayute karo struktur kapribadhen, problem kajiwan, lan *mekanisme pertahanan ego*.

Kang dadi sebab sipate paraga Asmarani nduweni sipat nakal, candhas, nanging isih nduweni rasa welas yaiku amarga dheweke lagi nindakake *pertahanan ego* lan emosi. *Pertahanan ego* lan emosi iki diandharake ing bab sabanjure.

Awit kang dirembug psikologise manungsa, mula trep yen novel Asmarani ditintingi nganggo teori psikologi sastra. Miturut Endraswara sajrone Minderop (2010:59) psikologi sastra yaiku sawijining interdisiplin antarane psikologi lan sastra. Endraswara sajrone Minderop (2010:59) uga ngandharake yen nyinaoni psikologi sastra sejatiné padha karo nyinaoni manungsa saka sisih njero. Mungkin aspek ‘njero’ iki kang sering asipat subjektif, kang nggawe para panliti sastra nganggep abot. Sejatiné nyinaoni psikologi banget endahe, awit kita bisa ngerteni sisih njero kajiwané manungsa, jelas banget amba lan jero.

1.1 Underane Panliten

Adhedhasar saka lelandhesane panliten, mula kang dadi underaning panliten yaiku:

- 1) Kepriye struktur kapribadhene paraga utama ing novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata?
- 2) Kepriye problem kang dialami dening paraga utama ing novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata?
- 3) Kepriye *mekanisme pertahanan egone* paraga utama ing novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata?

1.2 Ancase Panliten

Adhedhasar saka underane panliten, mula kang dadi ancas panliten yaiku:

- 1) Njlentrehake struktur kapribadhene paraga utama ing novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata.
- 2) Njlentrehake problem kajiwan kang dialami dening paraga utama ing novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata.
- 3) Njlentrehake *mekanisme pertahanan ego* paraga utama ing novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Psikologi Sastra lan Ruang Lingkupe

Sajrone nintingi karya sastra ana saperangan ngelmu. Salah sawijine ngelmu kanggo nintingi yaiku psikologi sastra. Miturut Endraswara (2011:96) psikologi sastra yaiku kajian sastra kang nduweni pandhangan karya minangka aktivitas kajiwan. Endraswara (2011:96) uga ngandharake yen pangripta karya sastra nggunakake cipta, rasa, lan karya sajrone makarya. Semono uga kang maca, sajrone nanggapi karya uga ora bisa dipisahake saka kajiwane dhewe-dhewe. Malah, minangka sosiologi refleksi, psikologi sastra uga ngenal karya sastra minangka kaca benggala kajiwan. Panganggit nangkep gejala jiwa banjur diolah sajrone teks lan dilengkapi dening kajiwane. Proyeksi pengalamane dhewe lan pengalamane wong ing sakupenge panganggit, bakal kaproyeksi kanthi imajiner marang sajrone teks sastra.

Tegez psikologi sastra uga dening Ratna (2012:340) ngandharake psikologi sastra dianalisis sajrone gayutan karo psike lan aspek kajiwane pengarang. Ndeleng saka panemune Ratna, satemene psikologi sastra kang ditliti kanthi cara tekstual asil wekasane meh padha karo ekspresif. Cara tekstual kang nliti paraga ing njero teks bisa uga meh padha karo ngliti apa kang diangen-angen dening panganggit. Iki mratandhani senadyan karya sastra ditliti nganggo cara tekstual, asil akhire tetep ana gayute karo psikologise panganggit. Dadi kanthi nliti paraga sajrone teks, panliti bisa ngerteni apa kang diangen-angen panganggit, mbuh kuwi bab selera, pandhangan, nilai, karakter, lsp.

Sabanjure, Endraswara (2011:96) ngandharake asumsi dasar panliten psikologi sastra oleh pangaribawa saka aspek loro. Kapisan, yaiku anane anggepan yen karya sastra mujudake produk saka sawijining kajiwan lan pamikiran panganggit kang ana ing kahanan setengah sadhar utawa *subcondicious* sawise jelas, lagi disokake sajrone bentuk sadhar utawa *condicious*. Antarane sadhar lan ora sadhar mesthi mangaribawani sajrone proses imajinasি panganggit. Kakuwatan karya sastra bisa dideleng sapira adohe panganggit bisa ndungkapake ekspresi kajiwane kang ora sadhar kasebut marang sajrone sawijine karya sastra. Ing kene bisa dingerten yen karya sastra kasusun saka alam bawah sadhar kang dimijilake menyang alam sadhar dening pikirane panganggit. Kaloro, kajian psikologi sastra saliyane nliti pawatakan paraga kanthi pikologis uga aspek-aspek pamikiran lan

pangrasa panganggit pas ngarang kasebut. Sapira adohe panganggit bisa nggambaraké pawatakan paraga saengga karya dadi tansaya urip. Polesan-polesan emosi lewat dhialog utawa pemilihan tetembungan, sejatine mujudake gegambaran kakalutan lan kaweningan batin panganggit. Blakane batin kuwi kang bisa nyebabake orisinalitas karya. Dadi kang dikarepake Endraswara kanthi kajian psikologi sastra bisa ndeleng kaorisinalitas sawijining sastra kang bisa dibuktekake kanthi polesan-polesan, dhialog, lan tetembungane paraga. Bisa diarani yen karya sastra ora bisa dipisahake saka kajiwane panganggit.

Pendapat ngenani bab karya sastra ora bisa dipisahake karo jiwane panganggit iki uga diandharake Jatman sajrone Endraswara (2010:97) yaiku karya sastra lan psikologi nduweni gegayutan kang kuwat, kanthi ora langsung lan fungsional. Gegayutan ora langsung amarga sastra lan psikologi nduweni objek kang padha yaiku urip bebrayane manungsa. Psikologi sastra nduweni gegayutan fungsional padha-padha kanggo nyinaoni kahanan kajiwane wong liya, bedane ing psikologi gejala kasebut riil, dene ing sastra sipate imajinatif.

Ing psikologi sastra mijil rasa wawang awit nliti cuplikan sastra njlimet, lan abstrak, angel dijingglensi endi perangan tetembungan kang nuduhake unsur psikologise paraga. Iki disebut dening Derrida sajrone Endraswara (2010:97) *what is a text, and when must the psyche be if it can be represented by a text?*. Endraswara (2010:97) ngandharake yen perangan kang dirasa wawang kuwi mangaribawani panliti sastra, awit panliti kudu njingglensi aspek-aspek psikologis kang kasimpun ing teks. Kamangka, aspek-aspek kasebut banget abstrakte. Pancen, angel dibantah yen mahami teks sastra mbutuhake ngelmu bantu psikologi awit karya sastra gegayutan karo aspek kajiwane manungsa uga, nanging iki asring dadi perkara kang njlimet.

Psikologi sastra mijil asil saka rasa kurang mareme tumrap panliten sadurunge. Endraswara (2010:97) ngandharake yen psikologi sastra saiki nuduhake moncere panliten. Iki disebabake saka rasa kurang mareme panliten sadurunge, yaiku panliten sosiologi sastra utawa liyane mang dianggep kurang nggatekake aspek psikologis. Kamangka, karya sastra mujudake kaca benggala psikologis panganggit lan uga nduweni daya psikologis marang pamaos.

Ing panliten psikologi sastra, ana cara nliti cacah telu, yaiku tekstual, reseptif-pragmatik, lan ekspresif. Miturut Endraswara (2010:97) psikologi sastra *ditopang* dening cara telu bebarengan. *Kapisan*, cara tekstual, kang nliti aspek psikologis paraga sajrone karya sastra. *Kapindho*, cara reseptif-pragmatik, kang nliti aspek psikologis pamaos minangka *penikmat* karya sastra kang kabentuk saka pangaribawane kang diwaca lan proses resepsi pamaos sajroning ngresepi karya sastra. *Katelu*, cara ekspresif, kang nliti aspek psikologis panganggit

wektu nindakake proses kreatif kang kaproyeksi lantarane karyane, kanggo panulis mingangka pribadhi lan wakil masyarakat. Roekhan sajrone Endraswara (2010:98).

Ing panliten iki panulis nggunakake cara kang kapisan, yaiku cara tekstual. Panulis nggunakake teori psikoanalisis Sigmund Freud, awit teori iki nduweni gegayutan kang kuwat karo cara tekstual. Bab iki diandharake dening Endraswara (2010:98) yen panliten psikologi sastra saka aspek tekstual, pancen ora bisa uwal saka prinsip-prinsip Freud ngenani psikologi njero. Buku Freud ngenani interpretasi impen sajroning teks sastra, wis akeh nginspirasi para panliten psikologi teks.

2.2 Teori Psikoanalisis Sigmund Freud

Sigmund Freud ngandharake maneka teori. Teorine Sigmund Freud yaiku psikoanalisis kang misuwur. Pikoanalisis kang ngemot struktur kapribadhen sajrone yaiku ana *id*, *ego*, lan *super ego*, konflik batin, lsp. Teori psikolanalisis Sigmund Freud akeh digawe kanggo adhedhasar panliten ngenani psikologi.

2.3.1 Sigmund Freud

Sigmund Freud miyos ing Moravia tanggal 6 Mei 1856 lan seda ing London tanggal 23 September 1939. Sigmund Freud sasuwene gesang ngayahi pakaryan minangka dokter. Ing praktike minangka dokter, panjenengane banjur nemokake teori psikoanalisis asil saka cecaturan karo pasiene. Sadurunge kuwi Freud tau njajal ngobati pasien kanthi cara hipnosis kang diwarahake dening Jean Charcot, dokter jiwa saka Prancis. Usahane kuwi pranyata ora nemokake asil kang maremake. Wekasanae panjenengane maguru marang Joseph Breuer, dokter ing Wina, kang nganggo cara cecaturan karo pasien-pasiene. Cara iki kasil. Banjur kekarone nulis ngenani hysteria kang bisa dimarekake kanthi cara cecaturan kuwi. Iki diandharake ing Studien Uebe Hysteric, 1895, sajrone Suryabrata (1990:143).

Ing wektu sabanjure, Freud lan breuer ngalami beda panemu ngenani faktor seksual sajrone hysteria. Perkara iki nyebabake Freud lan Brauer pisahan. Freud banjur nemokake panemu-panemu anyar banjur nerbitake buku kang populer lan kapisan yaiku “Traumdeutung” kang tegese Tabir Mimpi, utawa The Interpretation of Dream kang diterbitake taun 1900 (Suryabrata,1990:143).

2.3.2 Struktur Kapribadhen

Sigmund Freud ngandharake struktur kapribadhen kang sejati ana telu, yaiku: a) Das Es (*the id*), yaiku aspek biologis, b) Das Ich (*the Ego*), yaiku aspek psikologis, c) Das Ueber Ich (*the super ego*) yaiku aspek sosiologis.

Suryadarma (1990:145) ngandharake yen aspek telu kasebut nduweni guna, sipat, komponen, prinsip kerja, dinamika dhewe-dhewe, nanging katelune nduweni gayutan kang raket banget saengga angel (mokal) dipisah-pisahake pangaribawane marang tindak-tanduke manungsa.

Tindak-tanduk mesti mujudake asil pakaryan saka aspek telu kasebut.

2.3.2.1 Das Es (Id)

Das Es utawa *id* kang disebut dening Sigmund Freud *System der Underwusten*. Aspek iki yaiku aspek bilogis lan mujudake sistem kang asli sajrone kapribadhen. Saka aspek iki aspek loro liyane tuwu. Freud nyebut uga relistik psikis kang sejati (the true psychic reality). Mula saka kuwi das es mukudake ndonya batin utawa subyektif manungsa, lan ora nduwensi gayutan langsung karo ndonya obyektif. Das es isine bab-bab kang digawa awit lair (unsur-unsur biologis), klebu instink-instink. Das es mujudake ‘reseau’ energi psikis kang ngobahake Das Ich lan Ueber Ich. Energi psikis sajrone das es kasebut bisa tambah dening perangsang, ora preduli perangsang saka njero utawa saka njaba. Yen energi kuwi tambah dhuwur, mula nuwuhake tegangan, lan iki ndadekake rasa ora kepenak kang dening das Es ora bisa ditogake wae. Mula yen ana tegangan lan krasa ora kepenak, mula das Es cepet-cepet mbrastha energi kanggo ngilangi rasa ora kepenak kasebut. Dadi *pedomane*, das Es yaiku ngilangi rasa ora kepenak, lan golek rasa kepenak (Suryadarma, 1990:145-146).

Kanggo ngilangi rasa ora kepenak lan nggayuh rasa kepenak miturut Freud nganggo das Es nduwensi cara loro, yaiku: a) refleks lan reaksi-reaksi otomatis, kaya ta gebres, kedhep, lsp. b) proses primer (primair Vorgang), kaya ta wong luwe mbayangake mangan (wishfull fillment, wensvervulling) (Suryadarma, 1990:146).

Miturut panliti liya, andharan ngenani das Es beda-beda, senadyan ngemu makna kang padha. Ratna (2012:63) ngandharake yen *id* yaiku kepenginan-kepenginan primitif kang kudu dituruti, salah sijine *libido*. *Libido* yaiku kepenginan-kepenginan kang ing gilirané mbuthuhake katurutan (Ratna, 2012:62). Pangerten *libido* miturut Ratna ing kene yaiku kepenginan kang kudu dituruti supaya kepenak rasane.

2.3.2.2 Das Ich (ego)

Das Ich utawa ing basa Inggris *the ego* disebut uga *system der Bewusten-vorbewussten*. Aspek iki yaiku aspek psikologis saka kapribadhen lan mijil amarga kabutuhan organisme kanggo gayut kang becik karo kasunyatan (realitat). Wong lan luwe mesti mangan kanggo ngilangi tegangan kang ana sajroning awake. Iki tegese organisme kudu bisa mbedakake antarane khayalan ngenani panganan lan kanyatan ngenani panganan. Ing kene iki panggonane beda kang pokok antarane das Es lan das Ich, yaiku yen das Es mung gayut karo ndonya subjektif (ndonya batin) yen das Es bisa mbedakake samubarang kang ana ing ndonya njaba (ndonya subjektif, ndonya realitas) (Suryabrata, 1990:147). Dadi miturut Suryabrata, das Ich utawa *ego* yaiku sawijining tindakan kanggo nuruti das Es utawa *id*.

Ego mujudake sistem kapribadhen kang gaweyane minangka pengarah indhividu marang ndonya objek saka kanyatan, lan nindakake *fungsine*

adhedhasar prinsip kanyatan. *Ego* yaiku kapribadhen implementatif, yaiku arupa kontak karo ndonya njaba (Endraswara, 2011:101). Yen miturut Ratna (2012:63), *ego* tugase ngontrol *id*. Dadi sawetara panemu ing nduwur ngandharake yen *ego* mujudake ‘setir’ kanggone *id*.

2.3.2.3 Das Ueber Ich (super ego)

Das Ueber Ich utawa *super ego* yaiku aspek sosiologi kapribadhen, mujudake wakil saka nilai-nilai tradisional sarta cita-cita masyarakat minangka ditafsirake wong tuwa marang anak-anake, kang digulawentahake kanthi maneka printah lan penggakan. Das Ueber Ich luwih mujudake kasampurnan yen dibandhingake karo kesenengan, amarga kuwi das Ueber Ich bisa wae dianggep minangka aspek moral kapribadhen. Gunane kang pokok yaiku nemtokake apa sawijining perkara bener apa luput, pantes apa ora, susila apa ora, lan kanthi mangkono pribadhi bisa nindakake pakaryan kang trep klawan moral masyarakat (Suryabrata, 1990:148). Dadi miturut Suryabrata, super ego mujudake watesan-watesan kanggo ngawekani lakune ego. Kanthi anane super ego, wong bisa luwih luwes lan ora nyidrani liyan sajrone nuruti kapenginane yaiku ego lan *id*.

Super ego nduwensi guna utama cacah telu. Miturut Suryabrata (1990:148-149), guna utama super ego yaiku:

- Ngadhang-adhangi impuls-impuls das Es, utamane impuls-impuls seksual lan agresif kang anane bab loro kuwi ditentang banget dening masyarakat.
- Nyurung anane das Ich kanggo luwih ngiter bab-bab kang moralistis tinimbang kang realistik.
- Ngiter kasampurnan.

Dadi das Ueber Ich kuwi luwih kanggo nentang das Ich lan das Es lan nggawe ndonya miturut konsepsi kang ideal (Suryabrata, 1990:149). Das Ueber Ich mujudake kontrol kang ngemu nilai-nilai moral, agama, adat, undhang-undhang lan aturan liyane kang ana ing urip bebrayan.

2.3.2.4 Problem

Sajrone analisis wekasane Freud ngandharake yen dinamika kapribadhen bisa wae kaperang saka padha-padha nduwensi pangaribawa antarane kekuwatan-kekuwatan panyurung (*cathexis*) lan kakuwatan-kakuwatan pangalang (*anti-cathexis*). Kabeh konflik sajrone kapribadhen bisa diandharake maneh marang padu antarane kakuwatan loro kasebut. Kabeh katengangan kang suwe yaiku amarga ora cocoge antarane *cathexis* lan *anti-cathexis*. Apa kuwi *cathexis* das Es tarung klawan *cathexis* das Ich, utawa *cathexis* das Ich tarung karo *anti-cathexis* Ueber Ich, kuwi akibate padha wae, yaiku kategangan sajrone dhiri manungsa. Miturut Freud psikoanalisis yaiku konsepsi dinamis yang ngreduksi uripe jiwa dadi padha-padha mangaribawani antarane kakuwatan panyurung lan kakuwatan pangalang (Suryabrata,

1990:160). Dadi miturut Freud, wong kang ngalami konflik batin yaiku wong kang bingung arep tumindak apa, kang disebabake dening sebab loro kang beda. Iki njalari paraga kang dikarepake ora bisa nemtokake laku sabanjure.

Padatane reaksi individu marang inciman kang ora disenengi lan pangrusakan kang durung tau dilakoni yaiku ndadekake rasa *khawatir* utawa *wedi*. Wong kang ngrasa kaincim padatane wong kang jirih. Yen das Ich ngontrol perkara iki, mula wong mesthi kaya dikiter dening rasa was sumelan lang kewedean (Suryabrata, 1990:161). Freud sajrone Suryabrata (1990:161) ngandharake ana sawatara jinis konflik batin, yaiku:

- (a) Problem realistik,
- (b) Problem neurotis
- (c) Problem moral utawa rasa dosa

Problem realistik yaiku problem kang paling onjo lan pokok saka problem kang cacahé telu kasebut. Problem realistik cirine wedi saka bebaya ing njaba. Konflik batin liyane sumbere saka kene iki (Suryabrata, 1990:161).

Dene konflik batin neurotis, yaiku rasa was-was yen instink-instink ora bisa dikendhaleni lan nyebabake wong tumindak sawijining perkara kang bisa diukum. Rasa was-was iki sejatine nduweni dhasar ing kasunyatan sabentina, amarga ndonya iki diwakili dening wong tuwa utawa wong kang nduweni kuwasa bisa ngukum bocah kang nindakake tindakan impulsif (Suryadarma, 1990:161)

Ana kalane nalika remaja mlayu utawa minggat saka omah nalika ana perkara karo wong tuwane. Sajrone Kartono (2006:60) bab iki disebabake:

- a) kurang bisa ngontrol dhiri, lan kabisan ngendhaleni dhiri isih sithithik,
- b) psikis kang ora stabil,
- c) konflik intern kang intens kang kuwat,
- d) lan ana rasa bingung amarga durung nemokake norma kang mantep.

2.3.2.5 Mekanisme Pertahanan Ego

Kanggo uwat saka konflik, manungsa mbutuhake benteng. Benteng dhiri kuwi awujud *mekanisme pertahanan*. Mekanisme pertahanan dumadi amarga anane rasa kepengin ngalih kanggo nggolek gantine objek. Upamane impuls agresif kang katujokake marang pehak liya kang dianggep aman kanggo diserang (Minderop, 2010:29). Freud sajrone Minderop (2010:29) uga ngandharake yen istilah ‘pertahanan’ mijil saka proses alam bawah sadhar pawongan kang mertahanake marang anxitas, mekanisme iki ndhelik saka inciman-inciman eksternal utawa anane impuls-impuls kang mijil saka anxitas internal kanthi ndhistorsi realitas kanthi maneka cara.

Santrock sajrone Minderop (2010:32) Anxitas maspadakake *ego* kanggo ngrampungi konflik kanthi cara *mekanisme pertahanan ego*, ndhelikake *ego* lan nyuda anxitas kang diprodhuksi dening konflik kasebut. Dene *mekanisme pertahanan ego* kasebut yaiku repesi (repression), sublimasi, proyeksi, pengalihan, rasionalisasi (rationalization), reaksi formasi (reaction

formation), regresi, agresi lan apatis, lan fantasi lan stereotype.

1) Represi. Represi miturut Freud sajrone Minderop (2010:32), mujudake *mekanisme pertahanan ego* kang paling kuwat lan jembar yaiku repesi (repression). Tugas repesi yaiku nyurung metu impuls-impuls *id* kang ora ditrima, saka alam sadhar banjur mbalik marang alam bawah sadhar. Repesi mujudake *fondasi* cara kerja sakabehe *mekanisme pertahanan ego*. Tujuwan saka sakabehe *mekanisme pertahanan ego* yaiku kanggo ngempet (repress) utawa nyurung impuls-impuls kang ngincim supaya metu saka alam sadhar. Dadi repesi bisa uga diarane ngedhem problem ing uteg, kanthi ora nindakake gaweyan apa-apa.

2) Sublimasi. Sajrone Minderop (2010:33) ngandharake yen Sublimasi dumadi nalika tindakan-tindakan kang miguna tumrap sosial, bisa ngganteni rasa ora kepenak. Sejatine sublimasi mujudake bentuk *pengalihan*. Upamane, sawijining pawongan nduweni nepsu seks kang dhuwur, banjur dheweke ngalihake rasa ora kepenak kuwi menyang tindakan-tindakan kang bisa ditampa tumrap sosial kanthi dadi pelukis awake modhel tanpa busana.

3) Proyeksi. Miturut Minderop (2010:34), kita kabeh sering ngadhepi kahanan lan bab-bab kang kita ora seneng lan ora bisa kita tampa kanthi nyilmurake menyang bab liyane. Upamane kita kudu kritis utawa asikep kasar marang wong liya, mula kita sadhar yen sikep kuwi ora pantes kita tindakake, nanging sikep kang katindakake kasebut nduweni alasan yen orang kasebut pancep pantes oleh tindakan kritis lan kasar kasebut. Dadi proyeksi bisa diarani sikep kang ngeyel kanggo mbenerake tindakane.

4) Pengalihan. Sajrone Minderop (2010:34) pengalihan rasa ora seneng marang sawijining objek menyang objek liya kang luwih nguntungake. Upamane, anane impuls-impuls agresif kang bisa diganteni, minangka *kambing hitam* marang pawongan (utawa objek liya) kang objek-objek kasebut ora minangka sumber frustasi nanging luwih kepenak didadekake sasaran emosine.

5) Rasionalisasi. Sajrone Minderop (2010:35) rasionalisasi kaperang dadi telu. Kapisan, kanggo nyuda rasa kuciwa nalika *gagal*. Kapindho, menehi kita motif kang bisa katampa saka tindakan. Katelu, kepentingan minangka alasan.

6) Reaksi Formasi. Sajrone Minderop (2010:36) reaksi formasi mujudake repesi akibat impuls anxitas sering dieloni dening kepenginian kang ora padha kanthi tendhensi kang dikarepake. Contone, pawongan bisa dadi syuhada’ kang fanatik nglawan angkara murka amarga anane rasa ing alam bawah sadhar kang ana gayute karo dosa. Conto liya yaiku sikep preduli kang banget saka ibu marang anake kang disebabake dening rasa ora kepenak kang diakibatake saka anake. Dadi reaksi formasi iki mujudake sifat fanatik.

7) Regresi. Sajrone Minderop (2010:37) ana interpretasi loro ngenani regresi. Kapisan, regresi kang disebut *retrogressive behavior* yaiku, tindakane pawongan kang mirip bocah cilik. Kapindho, regresi kang disebut *primitivation* nalika pawongan diwasa sikepe minangka

wong kang ora nduwe budaya lan kelangan kontrol sawnga ora sungkan maneh nindakake gelut (Hilgard sajrone Minderop, 2010:37-38).

8) Agesi lan Apatis. Sajrone Minderop (2010:38) rasa nesu kang gegayutan karo *ketegangan* lan *kegelisahan* kang nuju marang pangrusakan lan panyerangan. Agresi bisa awujud langsung lan *pengalihan* (*direct aggression* lan *displaced aggression*). Agresi langsung yaiku agresi kang didungkapake kanthi langsung marang wong utawa objek kang dadi sumber frustasi. Dene *pengalihan* yaiku frustasi kang dialami dening wong nanging ora ngerti kudu ndungkapake kanthi lega menyang sumber frustasi amarga ora genah utawa ora kedemok. Dene Apatis yaiku bentuk liya saka reaksi marang frustasi kanthi cara pasrah.

9) Fantasy lan Stereotype. Sajrone Minderop (2010:38) Fantasy dialami nalika kita ngadhepi perkara kang tumpuk-tumpuk, kadhang kala kita golek ‘solusi’ kanthi mlebu ndonya kayal, luwih nengengake solusi kang adhedhasar fantasy katimbang realitas. Contone, serdadu perang sering nemplekake gambar *pin-up girls* ing barak kang nglambangake fantasy pas kegiyatan sekse kaganggu. Meh padha karo wong nemplekake gambar panganan enak nalika luwe. Dene *stereotype* yaiku konsekuensi liya saka frustasi. *Stereotype* mujudake tindakan mbolan-baleni kang terus-terusan. Indhividu mbaleni tindakan kang ora ana gunane lan katon aeng (Hilgard sajrone Minderop, 2010: 39)

2.3 Lelandhesane Tintingan

Novel *Asmarani* iki minangka novel roman. Novel iki nggamarake ngenani crita katresnan. Panganggone tintingan sing trep minangka dhasar kanggo nganalisis sawijining perkara ora bisa ditinggalake amarga teori bakal menehi arah marang panliti.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Teori iki kang dadi dhasar panliten kanthi tintingan psikologi sastra. Dene konsep psikoanalisis kang digawe yaiku struktur kapribadhen, problem, lan *mekanisme pertahanan ego*.

Panliti nggunkakake tintingan psikologi sastra supaya bisa ngertenikepriye kahanan psikologise paraga utama sajrone novel. Saka bab-bab mau bisa dingertenikepriye apa sejatiné aspek-aspek psikologis kang njalari paraga ing novel nindakake pakaryan kaya kang kasebut ing novel.

METODE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Sajroning panliten ana rong jinis panliten yaiku metodhe kualitatif lan kuantitatif. Miturut Moleong sajrone Pradopo (2001:25) panliten kualitatif yaiku panliten kang ora nganakake ‘pretungan’ utawa kanthi angka-angka. Sawalike, yen panliten nganggo ‘pretungan’, utawa angka-angka, mula jinis panliten kuwi disebut panliten kuantitatif. Kang mbedakake antarane panliten kualitatif lan kuantitatif bisa dingertenikepriye ana etungan apa ora. Yen ngetung klebu panliten kuantitatif, yen ora ana etung-etungan klebu panliten kualitatif.

Miturut Ratna (2012:46) metodhe kualitatif asline padha karo metodhe hermeneutika. Tegese, ing metodhe hermeneutika, kualitatif, lan analisis isi, asline nggunkakake cara-cara nafsirake kanthi ditulis sajrone

bentuk deskripsi. Saka sakabehe metodhe kang dienggo ing metodhe kualitatif, kang paling akeh digawe yaiku metodhe hermeneutika.

Ing panliten iki panliti nggunkakake metodhe kualitatif kang tujuwane kanggo nggamarake crita sajrone andharan sing trep klawan kekarepane panliti lan ora ngutamakake angka-angka kanggo nliti, nanging nganggo *penghayatan* marang instruksi antar konsep sing arep ditintingi kanthi cara empiris.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata

Miturut Arikunto (2010:172) sumber dhata sajroning panliten yaiku subjek saka ngendi data bisa diantuki. Sumber dhata dibedakake dadi loro yaiku *primer* lan *sekunder* (Arikunto. 2006: 128). Ing panliten iki panulis nggunkakae novel *Asmarani* kanggo data primer. Novel iki anggitane Suparta Brata, kang diterbitake dening penerbit Elmatera, jalan Waru 73 kav 3 Sambiligi baru Maguwoharjo Yogyakarta, vi+54 halaman, 14,5x21cm, diterbitake taun 2013. Sampul buku iki yaiku gambar wanita klambi abang lan ana kusir dhokar kang lagi nuntun jarane.

Dhata minangka objek kang dikaji. Sajroning ilmu sastra, data kang digunakake arupa karya. Minangka data formal sajroning panliten iki yaiku tembung-tembung, ukara-ukara, lan wacana (Ratna, 2004:47). Ing panliten iki, data kang digunakake arupa dhialog antaraning paraga, tembung, ukara, paragrap, antawacana lan solah bawane paraga sajrone novel *Asmarani*, kang gegayutan karo psikologise paraga *Asmarani* lan paraga liyane sajrone novel kasebut. Data iki minangka data primer sajrone novel iki. Dene data sekunder yaiku nggunkakake teori psikologi kanggo panutan analisis.

3.3 Teknik Nglumpukake Dhata

Sajrone panliten iki, nglumpukake data ditindakake kanthi nggunkakake metodhe maca heuristik, retroaktif, lan hermeneutik. Cara kang kapisan yaiku maca kanthi tliti sawijining karya sastra. Iki gunane kanggo nangkep maknane. Diterusake kanthi cara hermeneutik, yaiku nafsirake makna apa kang kinandhut ing cuplikan novel.

Miturut Rifatterre sajrone Pradopo (2001:12) maca *heuristik* yaiku maca kanthi cara nliti tataran gramatikale saka bab mimetise. Dene maca *retroaktif* yaiku maca kanthi dibolan-baleni kang uga dumadi ing cara *hermeneutik* kanggo ngertenikepriye maknane. Dadi *hermeneutik* bisa didudut maknane kanthi cara *retroaktif*.

Miturut Ratna (2012:45) hermeneneutik asale saka tembung *hermeneuin*, basa Yunani, yang tegese nafsirake utawa nginterpretasekake. Digayutake karo guna utama hermeneutika minangka metode kanggo ngertenikepriye agama, mula metodhe iki dianggep trep kanggo ngertenikepriye karya sastra kanthi ngelingi yen ing karya tulis, kang paling cedhak karo agama yaiku karya sastra. Ing bab tartamtu, teks agama padha karo karya sastra. Bedane, agama mujudake keyakinan, dene karya sastra mujudake kabeneran imajinasni.

Sawise dimaknani nganggo teknik hermeneutik utawa nafsirake maknane, banjur dhatane dideskripsikake lan dianalisis. Iki penting kanggo nyengkuyung asil olahan hermeneutik kang wis

ditindakake. Asil analisis iki kang bisa dirembakake banjur ngerteni dudutane.

Teknik nglumpukake dhata ditindakake kanthi teknik cathet ing kartu data. Data-data sing oleh saka pamaosan heuristik, retroaktif, lan hermeneutik ngenani psikologis paraga-paraga sajrone novel Asmarani banjur dicathet ing kertu data. Kertu dhata awujud lembaran kertas kang ditulisi cuplikan sing dibutuhake kanggo dhata.

3.4 Metodhe Analisis Data

Metodhe analisis data kang trep dibutuhake sajrone panliten supaya ngasilake asil cocok karo tujuwan kang wis karantam. Analisis data ing kene nggunakake metode analisis isi (*content analysis*).

Data kang wis diklumpukake ing kertu data dianalisis nganggo teori hermeneutika. Data kang wis ana digoleki makna ing njerone. *Acuan* kanggo nggoleki makna bisa saka pitakonan ‘nyapa’. Pitakonan kuwi bisa digawe dhasar kenangapa sawijining paraga nindakake pakaryan tartamtu. Pitakonan kuwi makili apa wae kang dadi analisis hermeneutika. Sabanjure bisa dingerteni psikologise paraga-paragane. Miturut Ratna (2012:43) Kaya dene metode kualitatif, dhasar ditindakake metode isi yaiku ditafsirake. Yen proses nafsirake sajrone metode kualitatif katujokake marang kahanan *alamiah*, mula dhasar nafsirake sajrone metodhe analisis isi katujokake marang isi pesen. Mula saka kuwi, metodhe analisis isi ditindakake marang dokumen-dokumen kang padhet isi.

Dene miturut Endraswara (2011:160) analisis isi sajrone bidhang sastra kalebu usaha *pemahaman* karya saka aspek ekstrinsik. Endraswara (2011:160) uga ngandharake yen unsur ekstrinsik sastra kang narik kawigaten analisis isi cukup akeh, antarane yaiku: (a) pesen moral/etika, (b) nilai pendhidhikan (didaktis), (c) nilai filosofis, (d) nilai religius, (e) nilai kesejarahan, lsp. Panliti nggunakake analisis isi yen arep ndungkapake kandhutan isi tartamtu sajrone karya sastra.

3.5 Prosedur Panliten

Panliten iki nggunakake tahapan sing ana bacute lan *berkesinambungan*. Miturut Endraswara (2011:162) bab kapisan kang ditindakake yaiku nemtokake unit analisis. Endraswara (2011:162) uga ngandharake analisis isi ditindakake kanthi maca kang setiti. Maca kang dibolabaleni bisa mbiyantu panliti nganakake dhata. Saka sakabehe wacan kudu dipilih-pilih marang unit kang luwih cilik, supaya kepenak dianalisis. Unit-unit iki sabanjure ditulis maneh marang kertu dhata lan disiapake terjemahane. Panerjemahan iki mbiyantu panliti sajrone klasifikasi.

Bab sabanjure yaiku pencatatan dhata. Miturut Endraswara (2011:163) pencatatan dhata dadi perkara pokok, awit data analisis isi arupa dhata simbolik kang ora terstruktur. Endraswara (2011:163) uga ngandharake yen sajrone bab iki ana saperangan cara kang perlu ditindakake sajrone panliten sastra, yaiku: (a) prelu latian lan kudu siyap kanggone panliti supaya bisa nyathet kanthi setiti, (b) nyathet bab-bab kang nggambarker pesen lan makna simbolik, (c) dhata-dhata kang dicathet disranani tetembungan kang angel lan pangira-ira makna semantise.

Bab analisis dadi bab kang paling pokok ing panliten iki. Miturut Endraswara (2011:164) analisis dumadi saka *penyajian* dhata lan *pembahasan* ditindakake kanthi kualitatif konseptual. Endraswara (2011:164) uga ngandharake yen analisis dhata kudu digayutake konteks lan konstruk analisis. Konteks gayutane karo bab-bab kang gegayutan karo struktur karya sastra, dene konstruk arupa wewangunan konsep analisis. Konstruk kasebut dadi *bingkai* analisis.

Sajrone panliten iki panliti nindakake maneka tahapan kang luwih cetha. Tahapan-tahapan kuwi yaiku:

3.6.1 Tahapan Rancangan

Sajrone tahap rancangan panliten iki kaya ta kegiyatannya nggoleki lan nemtokake objek, nglumpukane data, nemtokake lan konsultasi irah-irahan, nyinaoni pustaka, lan nyusun kerangka panliten.

3.6.2 Tahap Wiwit

Tahap iki minangka inti saka panliten. Panliten iki kalaksanan adhedhasar rangka panliten kang wis disetujoni dening dosen Pembimbing Kegiatan sing ditindakake sajrone tahap iki yaiku nglumpukake data lan nganalisis sarta sabanjure bisa dingerteni dudutane.

3.6.3 Tahap Pungkasan

Tahap pungkasan minangka tahap kang paling keri saka reroncening panliten iki. Kegiatan sing ditindakake ing tahap iki yaiku nyusun asil analisis sawise direvisi. Iki mujudake kegiyatannya pungkasan sajrone panliten iki.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

4.1 Struktur Kapribadhene Paraga Utama sajrone novel Asmarani anggitane Suparto Brata

Struktur kapribadhene paraga utama ing novel *Asmarani* bakal kaperang dadi telu, yaiku id, ego, lan super ego. Struktur kapribadhen kajupuk saka pethikan-pethikan novel kang wis katulis ing kertu dhata.

4.1.1 Id

Saka Pethikan novel *Asmarani* ana kang nuduhake bab *id*. Pethikan kasebut nuduhake kepenginane Asmarani nyelengi dhuwit kanggo merat menyang kutha Yogyakarta kanggo nemoni ibune. Asmarani kepengin nemoni ibu kandhunge kang asmane Juwita ing kutha Yogyakarta. Dheweke ngerti yen satemene dheweke mung putra pupone Pak Nataran, tani sugih sawah ing Desa Ngombol. Anggone ngerti lantaran surate saka Radenrara Juwita kang nyasar menyang Pak Marsan, gurune Asmarani.

Nanging kepriye carane nggoleki alamate Biyunge ing Kutha Yogyakarta? Priye carane pamit lunga menyang kutha mrana?

Tekad-tekanan Asmarani meneng-meneng arep nyelengi dhuwit, mengko yen sakira dhuwite wis cukup akeh, nganti sepuluh ewu rupiyah, dheweke arep merat menyang Kutha Yogyakarta! Ora ndadak pamit Ba, Bi, Bu, pokok merat ngono wae!

(Asmarani kaca 75, DL-1 /2014)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Asmarani mikir utawa nduwensi kepenginan methuki biyunge ing Kutha Yogyakarta. Nanging dheweke bingung kepriye anggone pamit marang Bapak lan Simbok pupone, Pak lan Mak Nataran supaya diparengake lunga nggoleki

biyunge menyang Yogyakarta. Sauntara suwe anggone mikir, dheweke ora arep pamit, nanging merat wae awit mesti ora dikeparengake menyang Kutha Yogyo dhewekan. Kanggo mujudake kepenginane kuwi, dheweke arep nyelengi. Yen wis cukup akeh nganti sepuluh ewu rupiyah, dheweke langsung merat menyang kutha Yogyakarta.

Paraga Asmarani mung kepengin lan durung nindakake tindakan apa-apa kanggo mujudake kepenginane. Iki nuduhake yen pethikan ing ndhuwur klebu bageyan struktur kapribadhen *id*, awit andharan ing kono nuduhake kepenginan ing batine paraga Asmarani. *Id* beda karo ego lan *super ego*. Id mung ana ing alam batin utawa mung kepenginan wae. Dene ego mujudake tindakan utawa upadaya kanggo nuruti *id*. Dadi ego awujud kriya, utawa pakaryan. *Super ego* mujudake tata sosial kanggo nyetir obahe *ego* supaya *ego* katampa kanthi becik dening masyarakat. *Super ego* awujud tata trapsila, nilai, adat saben, aturan agama, aturan ukum, lan maneka aturan liyane.

4.1.2 Ego

Ana maneka perangan ing novel *Asmarani* kang nuduhake paraga utama kang onjo bab ego. Polahe Asmarani kang kurang trapsila iki disebabake dening dhuwure *ego* kang diduwensi dening Asmarani.

Pethikan ing ngisor iki ngandharake pratikele Asmarani nalika ngaso sekolahe. Dheweke nyedhak gurune, amarga kepengin weruh marang apa kang dilakoni dening gurune. Dheweke ngajak kancane aran Mardinem. Kolorone nyedhaki gurune. Satemene Mardinem wedi, nangin Asmarani tetep ngeyel nyedhaki gurune.

Mardinem uga wis narik tangane Asmarani, ngajak ngadoh saka gurune. Nanging dikipatake. Asmarani ora arep lunga. Dheweke jengkeng, melu-melu surat kabar sing diwaca gurune. Ora cetha, dheweke mbrangkang, bokonge nyedhit, maca surat kabar suwalikey sing diwaca gurune. “Pak! Kok tunangan napa mlebet koran!” alope Asmarani

Marsan kaget. Koran ditarik munggah. Terus kaya wong cilup-ba. Pak Marsan nemoni Asmarani mbrangkang ing antarane dhengkule. Mripate Asmarani mblalak gumun. Marsan mentheleng, kaget arep nepsu diempet.

(Asmarani kaca 2, DL- 4 /2014)

Pethikan kasebut nuduhake yen ta Asmarani nduwensi kepenginan maca koran kang diwaca dening gurune, Pak Marsan. Senadyan dening gurune dipenggak anggone melu-melu maca koran, nanging Asmarani tetep wae meksa melu maca kang nganggo maneka cara penting bisa kelakon apa kang dadi kekarepane. Sawise nyedhit nanging mung kasil maca sethithik, Asmarani nyoba maca luwih akeh kanthi cara mbrangkang ing antarane dhengkule gurune. Asmarani gumun marang isine koran kuwi. Gurune sajak nesu banget nyawang pratikele Asmarani kang kurang trapsila marang gurune.

Andharan ing ndhuwur nggambarkerake pratikele Asmarani kang kepengin maca, nanging ora ngerti kudu kepriye carane supaya dikeparengake dening Gurune.

Dheweke nganthi nyedhit-nyedhit, senadyan wis dipenggak. Cara kasebut klebu struktur kapribadhen ego, awit cara kanggo nuruti kepenginane mung saka angangene dhewe kang ora trep karo tata trapsila. Dheweke mung ngecakake ego lan durung nganggo super ego.

4.1.3 Super Ego

Kaya kang wis diandharake ing bab sadurunge, super ego mujudake tata trapsila supaya ego katampa ing masyarakat. Ing novel *Asmarani* ana saperangan Pethikan kang nuduhake tindakan super ego.

Pethikan ing ngisor iki ngandharake pratikele Asmarani nalika dirembug mbakyune ngenani mula bukane tekane Guru Marsan menyang omahe Asmarani. Mbakyune nduwensi pangira-ira yen tekane Guru Marsan arep marani Asmarani. Nanging Asmarani sajak ora sarujuk lan mbalekake omongan, yen anggone Guru Marsan mara saperlu nyambangi Paerah, mbakyune Asmarani amarga esuke wis matur yen Yu Paerah teka saka Surabaya lan tekane mung sedhela.

“Isih cilik bocah kuwi, Rah. Aja dirembug!” sing sumela ngono Nataran lanang.

“Arepis isih ilik kae yen wis ana sing nakokake rak wajib ditari. Wong ndesa rak ora kurang-kurang, cah kurang ngumur dirabekake. Anake Lurah Njasa kae biyen rak ya ngono, malah dhek semana isih kelas telu. Piye, As, gelem kowe dipek bojo Pak Marsan? Guru ndesa ya kajen, lo!”

“Aku mono manut wae dhawuhe wongtuwa, kok,” ujare Asmarani sajak bocah nurutan. Mangka satemene pancen gelem banget. Cocog karo angangene.

(Asmarani kaca 3, DL- 12 /2014)

Pethikan ing ndhuwur mratelakake Asmarani nalika dirembug dening Paerah. Paerah dielingake dening Bapake, supaya ora ngrembug Asmarani amarga isih cilik. Perah tetep karo prinsipe yen anake Lurah Njasa malah dirabekake nalika isih kelas telu. Paerah bali takon maneh marang Asmarani yen apa gelem tenan Asmarani dirabi dening Guru Marsan. Asmarani mangsuli yen dheweke mung manut marang wong tuwa. Nanging sejatinne dheweke gelem banget rabi karo Guru Marsan. Cocog karo angangene.

Bab kaya kang ditindakake dening Asmarani iki dianggep nindakake struktur kapribadhen *super ego*. Bab iki dumadi amarga Asmarani ora kepengin yen kepenginane kuwi diwedhar wae. Yen diwedhar wae tegese ora trep karo tata trapsilane wong wadon nalika jejodhohan. Yen gelem, ora muni gelem, nanging mung manthuk utawa mesem. Dene Asmarani iki satemene gelem nanging tetembungane diganti manut marang wong tuwa.

4.2 Problem kang Dialami dening Paraga Utama ing Novel *Asmarani* anggitane Suparto Brata

Problem kang bakal diandharake ing ngisor iki ana telu, yaiku problem realistik, problem neurosis, lan problem moral. Saka perangan-perangan mau diandharake miturut Pethikan-Pethikan kang wis katulis ing kertu dhata.

4.2.1 Problem realistik

Sajrone novel *Asmarani* ana saperangan bageyan kang nerangake problem realistik utawa problem kang ngincim kanthi fisik jiwa lan raga. Contone yaiku nalika paraga Asmarani rumangsa Tarwi arep mbales dhendham marang Asmarani. Critane, Asmarani njarag Tarwi kanthi ngantem raine Tarwi nganggo woh dhuwet. Pas kuwi, Tarwi nesu nganti arep gelut marang Asmarani. Yen ora ana simboke Asmarani kang teka banjur ngakon Asmarani mulih, kalorone gelut temenan.

“Cah wedok kok penekan! Ayo, ayo, dakinjen lakangmu, lo!”

“Ben! Kowe kok ngurusi! Coba jajalen yen wani nginjen, sida dakidon!”

“Eng...! Gedhe sithik ngono dakganyang kowe!” Ujare Tarwi nglipur mangkele karo ngumpulake buku-bukune sing morat-marit ing lemah.

“Apa?! Kurang gedhe ta, aku dadi mungsuhamu? Umurku wis nembelas, Le!” Muni ngono mau karo mbalangake dhuwet enom sagegem. Krutug! Sirahe Tarwi kena gendir.

Tarwi krasa lara. Bukune diseleh, karo marani pager prenahe wit dhuwet. Diagak-agaki arep disusul menek.

“Mudhuna, As! Dakbanting klakon remuk balungmum, Kowe!”

“Munggaha, Le, nyata lanang!”

(Asmarani kaca 21, DL- 14 /2014)

Pethikan ing ndhuwur mratelakake nalika Asmarani lagi kaincim dening Tarwi, kancane. Asmarani siyap-siyap nalika Tarwi marani pager prenahe wit dhuwet. Tarwi ngincim arep ngremuk balunge Asmarani. Dene Asmarani ora gelem teluk. Dheweke malah nantang ngakon Tarwi menek.

Perkara iki bisa diarani *problem realistik* awit Asmarani rumangsa kaincim dening Tarwi. Dheweke tetep ana ing ndhuwur wit, bisa uga malah dheweke kang ora wani ngadhepi Tarwi. Perkara iki dibuktikake anggone Asmarani ora gelem mudhun, malah nantang Tarwi munggah.

4.2.2 Problem moral

Sajrone novel *Asmarani* uga ana problem moral. Asmarani wedi marang ukumane simboke yen nerak aturan. Sajrone novel, sejatiné Asmarani wedi yen konangan menek wit. Dheweke ngerti yen simboke weruh mesthi bakal diseneni.

“As... Aaassss!!!” keprungu Emake nggoleki.

“Niki le Bu, Asmarani penekan wit dhuwet!” wadule Si Lancur Tarwi ing ngisor wit.

“As, iki lo digoleki Mardinem! Kae lo, Nem, bocahe karo sapa ing ngisor wit kae!” ujare Mak Nataran.

“Mboten teng ngandhap, Bu. Teng nginggil wit niki, lo!” pambengoke Tarwi.

“Ssstt! Menenga geneya! Dakidoni lo, Wi, yen kowe mbengok ngono maneh!” ujare Asmarani katon wedi. Nanging Emake wis kebacut krungu lapurane Tarwi. Gage tandang, nasak grumbulan kebon pojok pekarangan. Swarane owah santak.

(Asmarani kaca 16, DL- 16 /2014)

Saka pethikan ing ndhuwur dingertené yen Asmarani ngrungu yen simboke ngundang jenenge. Ndilalah kancane Asmarani, Tarwi, pradul marang

simboke Asmarani yen Asmarani penekan wit dhuwet. Simboke bengak-bengok yen Asmarani digoleki Mardinem, kancane. Tarwi pradul maneh yen Asmarani neng ndhuwur wit dhuwet, ora neng ngisor. Asmarani wedi amarga Tarwi pradul marang simboke Asmarani yen dheweke lagi ing ndhuwut wis. Asmarani nyenen Tarwi kang wis mradulake dheweke. Nanging simboke Asmarani kadhung krungu pradule Tarwi. Simboke Asmarani gegancangan mara marang wit anggone menek Asmarani.

Ing kedadeyan iki Asmarani ngalami problem moral. Asmarani wedi amarga ukuman kan wis wola-wali dialami dening Asmarani. Satemene Asmarani ngerti yen pokal gawene kuwi luput, nanging tetep wae ditindakake. Senadyan tetep ditindakake, nanging Asmarani ngerti lan wedi yen lelakune kuwi luput lan mesti oleh ukuman yen konangan. Mula pethikan ing ndhuwur trep yen klebu problem moral.

4.3 Mekanisme Pertahanan Ego Paraga Utama ing novel *Asmarani*

Sajrone novel *Asmarani* ana jinis cacah sanga kang dadi perangane mekanisme pertahanan lan konflik paraga Asmarani ing novel *Asmarani*. Bab-bab kang nuduhake mekanisme pertahanan lan konflik iki kajupuk saka pethikan-pethikan kang tulisane wis katulis ing kertu dhata.

4.3.1 Regresi

Jinis mekanisme pertahanan ego kang kapisan yaiku regresi. Kaya kang wis kaandhar ing bab II, represi mujudake rasa nglerem nepsune dhewe tanpa dialihake nindakake gaweyan liya. Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Asmarani meneng wae sawise ditapuk dening Emake. Dheweke ora arep crita maneh lan mendhem critane kuwi ing atine. Dheweke ora melu nepsu. Dheweke ngempet nepsu lan critane kang dianggep goroh dening Emake. Mula Pethikan ing ndhuwur bisa diarani usaha pertahanan ego.

4.3.2 Sublimasi

Sublimasi mujudake sawijining jinis mekanisme pertahanan ego. Beda karo represi kang mung ngedhem rasa, sublimasi iki sawijining cara ngilangi rasa ora kepenak ing ati kanthi cara ngelipur dhiri, utawa nglali lali kanthi nindakake pakaryan kang luwih miguna.

4.3.3 Proyeksi

Proyeksi mujudake perangan mekanisme pertahanan ego kang ngemu surasa ngeyel lan nglimpahake perkara marang wong liya kang pancen pantes disalahake, supaya awake dhewe katon luwih becik. Mekanisme pertahanan ego iki kanggo mbela awake dhewe lan uwal saka rasa ora kepenak amarga disalahake.

4.3.4 Pengalihan

Jinis mekanisme pertahanan ego sabanjure yaiku pengalihan. Pengalihan iki salah sawijining cara kanggo nglerem rasa ora kepenaka kanthi cara ngalihake rasa ora seneng marang objek kang dianggep pantes, nanging objek kasebut satemene ora luput.

4.3.5 Rasionalisasi

Rasionalisasi mujudake sawijining cara mekanisme pertahanan ego. Rasionalisasi tujuwane ngilangi rasa kuciwa nalika gagal saka tujuwane.

4.3.6 Agresi lan Apatis

Agresi lan Apatis sajrone novel *Asmarani* Pethikane mung ditemokake bab agresi wae. Sikep Apatis ora ditemokake jalaran paraga Asmarani dudu paraga kang sipate apatis utawa gampang nglokro. Asmarani nduweni watak ora gampang sedhilih, pasrah, apa maneh nglokro. Dheweke kuwat lan tansah sumringah.

4.3.7 Fantasi lan Stereotype

Sajrone novel *Asmarani* ana Pethikan kang nuduhake fantasi. Dene stereotype, utawa tindakan kang nyleneh dirasa ora ana Pethikan ing novel. Paraga Asmarani mujudake paraga kang kuwat, dadi dirasa ora nglakoni tindakan stereotype.

PANUTUP

Bab V iki mujudake perangan pungkasan sajrone panliten. Perangan iki ngandharake rong perkara, yaiku dudutan saka andharan kang dadi wangulan saka underane panliten lan pamrayoga.

5.1 Dudutan

Adhedhasar andharan kang wis dijilentrehake ing perangan bab IV, mula bab iki bisa didudut saka asile panliten kanthi irah-irahan *Unsur Psikologis Sigmund Freud ing Novel Asmarani Anggitane Suparto Brata*. Dudutan kang kapisan yaiku ngenani gegambaran struktur kapribadhen paraga Asmarani. Miturtut struktur kapribadhen Sigmund Freud, struktur kapribadhen Asmarani isih nengenake ego. Dheweke isih sethithik nengenake kapribadhen super ego. Perkara iki disebabake dening Emake Asmarani sing ndhidhik nengeke ego-ne. Emake ora nuturi kepriye benere miturut tata trapsila, nilai, adat, agama, lan budaya minangka perangan saka super ego. Kanthi didhidhik kanthi diciwel, dicethot, lan malah ditapuk, Asmarani ora ngerti apa lupute lan kepriye benere. Saliyane disebabake dening Emake, anggone Asmarani nengenake struktur kapribadhen ego amarga pengalamane kang isih cupet. Dheweke durung tau weruh rekasane urip. Bareng dheweke ngerti carane urip ing kutha nalika sanja menyang omahe mbakyune ing Surabaya, sipate kang nengenake ego dadi owah banjur nengenake super ego kanggo mujudake id. Sawise menyang Surabaya, Asmarani dadi luwih menengan lan nengenake super ego ora kaya nalika dheweke durung menyang Surabaya.

Dudutan kang kapindho yaiku ngenani gegambaran problem kang dialami dening paraga Asmarani. Saka problem telu kang wis digoleki cuplikane, panliti ora nemokake *problem neurosis*. Kang ana cuplikane yaiku *problem realistis* lan *problem moral*. Saka kene bisa didudut yen paraga Asmarani ora tau ngalami *problem neurosis*. Kaya kang wis dirembug ing bab sadurunge, *problem neurosis* yaiku problem kang dialami wong kang wedi ukum tumrap apa kang dialami. Yen ora nduweni *problem neurosis*, paraga Asmarani nduweni sipat teges awit problem kang diduweni mung

problem realistis, yaiku inciman nyata, lan *problem moral*, yaiku problem kang dialami nalika pawongan nindakake kaluputan kaping pindho utawa luwhi. Iki mertandhani yen paraga Asmarani wedine mung saka inciman nyata utawa fisik, lan saka kaluputan kang kapindho. Apa wae kang ditindakake mantep marang apa kang dadi kekarepane. Nanging kang onjo ing bab iki yaiku *problem realistis*. Asmarani luwih akeh ngalami *problem realistis* tinimbang *problem moral*. Perkara iki disebabake amarga isih ana gayute karo struktur kapribadhen ego kang diduweni dening Asmarani. Amarga isih nengenake ego, Asmarani ora gelem diajak rembugan dening Tarwi. Dheweke ora ngerti kudu kepriye ngadhepi wong kaya Tarwi kang ngajak dhame.

Dudutan kang katelu yaiku ngenani mekanisme pertahanan ego. Saka mekanisme pertahanan ego kang cacahe sangga, panliti ora nemokake cuplikan mekanisme pertahanan ego *reaksi formasi* lan *regresi*. Kaya kang wis dingertening ing bab sadurunge, *reaksi formasi* memper karo sipat fanatik. Dene *regresi* memper karo sipat manja. Saka kene bisa didudut yen paraga Asmarani ora nduweni sipat fanatik marang bab tartamtu, lan uga ora manja. Dheweke nduweni mekanisme pertahanan ego *represi*, *sublimasi*, *proyeksi*, *pengalihan*, *rasionalisasi*, *agresi* lan *apatis*, lan *fantasi* lan *stereotype*. Dene kang onjo ing novel *Asmarani* iki yaiku prinsip proyeksi. Perkara iki bisa digertening awit akehe pethikan kang ditemokake ing novel. Anggone Asmarani isih nengenake prinsip proyeksi, amarga ana gayute karo struktur kapribadhen ego kang onjo sajrone jiwane Asmarani. Amarga ego, dheweke sering ngeyel kanggo mbenerake panemune, senadyan panemune kuwi luput.

5.2 Pamrayoga

Panliten tumrap Novel *Asmarani* anggitane Suprato Brata iki mujudake jangkah kapisan kang isih bisa ditliti maneh. Bab kang kaandhar ing bab-bab sadurunge mung nliti miligi paraga Asmarani nganggo tintingan psikologi sastra. Mula isih akeh tintingan liya kang bisa digunakake kanggo nliti paraga liya. Tintingan sabanjure diajab bisa nliti kang ngonceki novel *Asmarani* kanthi panliten kangluwih jero.

Ing novel *Asmarani* anggitane Suprato Brata, akeh-akeh ngrembug paraga Asmarani kang teges nanging karepe dhewe. Sipat kasebut satemene sipaye bocah cilik kang durung ngerti bot-repote wong urip kang sabanjure diarani nengenake struktur kapribadhen ego. Nanging, bareng ngerti bot-repote wong urip, sipat kuwi owah dadi sipat kang becik, yaiku tetep teges nanging tetep ngugemi marang tata trapsila lan ngerti marang kahanane wong liya kang sabanjure diarani nengenake struktur kapribadhen super ego.

Saka panliten iki, bisaa pamaos ndadekake tuladha lan nambah kawruh ing urip bebrayan sabendina lan nambah pangrasa landheping ati. Saliyane kuwi, kanthi anane panliten iki diajab nuwuhake idhe-idhe, geget, utawa inspirasi liya kanggo pamaos kanggo nulis panliten sabanjure ngenani karya sastra utamane karya sastra jawa. Panliten iki dikarepake bisaa kanggo nambahi *sumbang sih* marang *khasanah* panliten sastra jawa mligine kanthi tintingan psikologi sastra. Nuwun.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Baron, Robert A lan Donn Byane. 2005. *Psikologi Sosial*. Jakarta: Erlangga

Brata, Suparto. 2013. *Asmarani*. Yogyakarta: Elmatera

Darni. 2012. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: CV. Putra Media Nusantara

Feist, Jess lan Gregory J. Feist. 2010. *Teori Kepribadian*. Jakarta: Salemba Humaniora

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS

Handayani, Christina S lan Ardhan Novianto. 2004. *Kuasa Wanita Jawa*. Yogyakarta: PT. LKis Pelangi Aksara

Kartono, Kartini. 2006. *Psikologi Wanita I Mengenal Gadis Remaja dan Wanita Dewasa*. Bandung: Mandar Maju

Minderop, Albertine. 2010. *Psikologi Sastra Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Olson H, Matthew lan B.R. Hergenhahn. 2013. *Pengantar Teori-teori Kepribadian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Pradopo, Rachmat Djoko dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widia

Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya

Wellek, Rene lan Austin Warren. 2013. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia

